

Byenvini nan Depatman Afè Kominote nan New Jersey

nan Sit Enskripsyon ki Louvri nan Tout Eta a pou  
**FAZ II PWOGRAM ASISTANS IJANS COVID-19 POU LWAYE A (CVERAP FAZ II)**

Ouvèti 22 Mas 2021, Pwogram Asistans Ijans COVID-19 Faz II a (CVERAP Faz II) ap bay aryere lwaye ak asistans lwaye tanporè pou kay ki gen revni ba ak modere ki te gen yon gwo rediksyon nan revni, ki kalifye pou avantaj chomaj yo, ki te koz gwo depans, oswa ki fè fas ak difikilte finansye, dirèkteman, oswa endirèkteman, pandemi COVID-19 la lakoz. Nan McKay & Associates te otorize pa Depatman Afè Kominote nan New Jersey (the New Jersey Department of Community Affairs) pou ede nan administrasyon Faz II Pwogram Asistans Ijans COVID-19 pou Lwaye epi pou kominike avèk aplikan yo ak pwopriyetè kay yo.

**Asistans Ijans pou Aryere Lwaye yo:** Aplikan yo ka kalifye jiska douz (12) mwa maksimòm pou asistans ijans pou lwaye pou ede yo peye aryere lwaye ak pwochen lwaye nan limit fon yo disponib. Fanmi ki deja resevwa finansman CVERAP atravè Faz I nan pwogram nan, ki bezwen sipò lwaye anplis, epi ki poko resevwa maksimòm douz mwa asistans ijans pou lwaye yo ka aplike pou finansman anplis.

**Asistans Ijans pou Lwaye pou Lokasyon Kounya ak Alavni yo:** Asistans finansye a limite a twa mwa ki baze sou aplikasyon yo soumèt la, eksepte kay la ka resevwa asistans anplis pou mwa anplis ki ka disponib nan rès lajan ak kalifikasyon, pa depase 12 mwa (plis yon lòt twa mwa si sa nesèsè pou asire plis asistans nesèsè pou garanti estabilite lojman).

Moun ki aplike yo dwe konfòm ak tout revni Faz II ki aplikab yo epi ak kondisyon kalifikasyon yo. Ou dwe gen dizwit (18) lane oswa plis pou aplike oswa pou ou se yon minè ki legalman majè. **Sèlman yon (1) aplikasyon pou chak kay y ap aksepte.** Y ap aksepte aplikasyon yo jiskaske yo resevwa ase aplikasyon pou asire distribisyon tout lajan ki disponib pou CVERAP Faz II a. Yon pwosesis seleksyon enfòmatisè (tiraj-osò) pral itilize pou chwazi rezidan ki te afekte pa COVID-19 yo pou detèmine kiyès ki kalifye.

**Kritè pou Kalifikasyon:** Fanmi yo chwazi yo dwe konfòm ak kritè pou kalifikasyon sa yo pou yo kalifye pou asistans:

- Kalifye pou chomaj oswa te fè eksperyans yon rediksyon nan revni nan kay la, genyen depans enpòtan, oswa ki te fè fas ak difikilte finansye, dirèkteman oswa endirèkteman, pandemi COVID-19 la lakoz;
- Montre genyen yon risk pou yo fè fas ak pwoblèm sanzabri a oswa enstabilite lojman;
- Gen yon revni nan kay la ki nan oswa pi ba pase 80 pousan nan distribisyon revni pou zòn lan (tanpri al gade limit revni ki anba a);
- Pa gen byen materyèl ak ekonomi pou peye aryere lwaye yo oswa lwaye aktyèl ak alavni an;
- Se yon rezidan nan New Jersey; epi
- Oblije peye lwaye sou yon kay rezidansyèl.

Pwogram nan ap peye sèlman pou aryere lwaye ki fèt apre 13 Mas 2020.

Manadjè pwopriyete oswa pwopriyetè yon kay rezidansyèl ka aplike pou asistans sou non yon lokatè. Mèt kay la dwe:

- Jwenn siyati lokatè a sou aplikasyon an, ki ka dokimante elektwonikman; ak
- Dwe bay dokiman aplikasyon an a lokatè a pou li ka asire aplikasyon an te soumèt tout bon vre.

**PWOGRAM LIMIT REVNI MAKSIMÒM ASISTANS IJANS COVID-19 POU LWAYE A**

Tablo ki anba a montre limit revni maksimòm ki anvigè kounye a pou kay ki gen jiska uit manm. Si ou gen yon pi gwo fanmi, tanpri kontakte DCA nan 609-490-4550 pou detèmine limit revni maksimòm pou kay ou a.

| LIMIT REVNI MAKSIMÒM ASISTANS IJANS COVID-19 POU LWAYE A |          |          |          |          |          |          |          |           |
|--|----------|----------|----------|----------|----------|----------|----------|-----------|
| KONTE  | 1 MOUN   | 2 MOUN   | 3 MOUN   | 4 MOUN   | 5 MOUN   | 6 MOUN   | 7 MOUN   | 8 MOUN    |
| Konte Atlantic   | \$46,450 | \$53,100 | \$59,750 | \$66,350 | \$71,700 | \$77,000 | \$82,300 | \$87,600  |
| Konte Bergen   | \$54,950 | \$62,800 | \$70,650 | \$78,500 | \$84,800 | \$91,100 | \$9,7350 | 103,650   |
| Konte Burlington   | \$54 150 | \$61 850 | \$69 600 | \$77 300 | \$83 500 | \$89 700 | \$95 900 | \$102 050 |
| Konte Camden   | \$54 150 | \$61 850 | \$69 600 | \$77 300 | \$83 500 | \$89 700 | \$95 900 | \$102 050 |
| Konte Cape May   | \$48 100 | \$54 950 | \$61 800 | \$68 650 | \$74 150 | \$79 650 | \$85 150 | \$90 650  |
| Konte Cumberland   | \$41 100 | \$47 000 | \$52 850 | \$58 700 | \$63 400 | \$68 100 | \$72 800 | \$77 500  |
| Konte Essex  | \$54 950 | \$62 800 | \$70 650 | \$78 500 | \$84 800 | \$91 100 | \$97 350 | \$103 650 |
| Konte Gloucester   | \$54 150 | \$61 850 | \$69 600 | \$77 300 | \$83 500 | \$89 700 | \$95 900 | \$102 050 |
| Konte Hudson   | \$55 250 | \$63 150 | \$71 050 | \$78 900 | \$85 250 | \$91 550 | \$97 850 | \$104 150 |
| Konte Hunterdon  | \$57 800 | \$66 050 | \$74 300 | \$82 550 | \$89 200 | \$95 800 | 102,400  | 109,000   |
| Konte Mercer   | \$54 950 | \$62 800 | \$70 650 | \$78 500 | \$84 800 | \$91 100 | \$97 350 | 103,650   |
| Konte Middlesex  | \$57 800 | \$66 050 | \$74 300 | \$82 550 | \$89 200 | \$95 800 | 102,400  | \$109 000 |
| Konte Monmouth   | \$54 950 | \$62 800 | \$70 650 | \$78 500 | \$84 800 | \$91 100 | \$97 350 | \$103 650 |
| Konte Morris   | \$54 950 | \$62 800 | \$70 650 | \$78 500 | \$84 800 | \$91 100 | \$97 350 | \$103 650 |
| Konte Ocean  | \$54 950 | \$62 800 | \$70 650 | \$78 500 | \$84 800 | \$91 100 | \$97 350 | \$103 650 |
| Konte Passaic  | \$54 950 | \$62 800 | \$70 650 | \$78 500 | \$84 800 | \$91 100 | \$97 350 | \$103 650 |
| Konte Salem  | \$54 150 | \$61 850 | \$69 600 | \$77 300 | \$83 500 | \$89 700 | \$95 900 | \$102 050 |
| Konte Somerset   | \$57 800 | \$66 050 | \$74 300 | \$82 550 | \$89 200 | \$95 800 | 102,400  | \$109 000 |

|              |          |          |          |          |          |          |          |           |
|--------------|----------|----------|----------|----------|----------|----------|----------|-----------|
| Konte Sussex | \$54 950 | \$62 800 | \$70 650 | \$78 500 | \$84 800 | \$91 100 | \$97 350 | \$103 650 |
| Konte Union  | \$54 950 | \$62 800 | \$70 650 | \$78 500 | \$84 800 | \$91 100 | \$97 350 | \$103 650 |
| Konte Warren | \$54 950 | \$62 800 | \$70 650 | \$78 500 | \$84 800 | \$91 100 | \$97 350 | \$103 650 |

#### **KILÈ:**

Y ap aksepte Aplikasyon CVERAP Faz II yo sèlman SOU ENTÈNÈT. Peryòd aplikasyon an louvri 22 Mas 2021 a 9:00 a.m. Lè nan Lès.

#### **PWOSSESIS:**

Aplikasyon CVERAP Faz II kapab soumèt SOU ENTÈNÈT depi nan dat 22 Mas a 9:00 a.m. lè w itilize yon òdinatè pèsònèl, laptop, telefòn entèlijan, oswa tablèt nan <https://njdca.onlinepha.com>. Aplikasyon an pa pral aksesib nan lye sa a anvan 22 Mas a 9:00 a.m.

Papye Aplikasyon CVERAP Faz II yo **pa pral** distribiye oswa aksepte. **Y ap aksepte sèlman yon aplikasyon CVERAP Faz II pou chak kay. Asistans Salè pou Lwaye Alavni a pral resètifye pou twa mwa. Y ap rejte Kopi aplikasyon CVERAP Faz II yo.**

#### **ENFÒMASYON OBLIGATWA SOU MOUN KI NAN KAY LA:**

Non, dat nesans, enfòmasyon sou revni pou tout moun k ap viv nan kay la, ni:

- Enfòmasyon sou mèt kay la;
- Asistans lojman aktyèl ak anvan ou te resevwa, si genyen;
- Prèv difikilte finansye, dirèkteman oswa endirèkteman, pandemi COVID-19 la lakoz;
- Prèv ki montre yo gen gwo risk pou fè fas ak pwoblèm sanzabri a oswa enstabilite lojman;
- Kontra lwaye; ak
- Prèv aryere yo.

Yon adrès imèl obligatwa tou. Si ou pa gen yon adrès imail, pwosesis aplikasyon an pral pèmèt ou kreye youn. Si ou pa konpetan nan lang Anglè, aplikasyon CVERAP Faz II a disponib nan 90 lang. Ou ka jwenn enfòmasyon sa a apati 22 Mas 2021 a 9:00 a.m. nan <https://njdca.onlinepha.com>, nan anlè adwat aplikasyon an.

#### **ARANJMAN REZONAB:**

Depatman Afè Kominotè a (The Department of Community Affairs) pral pwolonje aranjman rezonab pou moun andikape yo, ak pou moun ki gen konpetans limite nan Anglè yo sou yon baz ka-pa-ka epi yo pral pran an konsiderasyon andikap la ak bezwen moun nan (yo) oswa moun ki nan kay sa yo ki san aksè a entènèt. Tanpri kontakte Sèvis Aplikan DCA a nan 609-490-4550, pou asistans. Lè w soumèt yon aplikasyon CVERAP Faz II sa pa garanti plas ou nan pwogram nan. Y ap aksepte sèlman yon aplikasyon CVERAP Faz II pou chak kay. Y ap rejte Kopi aplikasyon CVERAP Faz II yo.

#### **PWOSSESIS TIRAJ-OSÒ:**

Yon pwosesis seleksyon enfòmatisè (tiraj-osò) pral itilize pou detèmine nan ki lòd yo pral seleksyone aplikasyon yo pou detèmine kiyès ki kalifye. Chak aplikasyon ki soumèt pandan peryòd aplikasyon an ouvé a genyen menm chans pou yo chwazi li pandan tiraj-osò a.

Tanpri konnen byen lè w soumèt yon aplikasyon CVERAP Faz II sa pa garanti plas ou nan pwogram lan, ni li pa garanti yon asistans pou lwaye ki tanporè nan pwogram CVERAP Faz II a.

**ENFÒMASYON ANPLIS:**

Enfòmasyon sou eta aplikasyon yo pral disponib nan: <https://njdca.onlinepha.com>pati 22 Mas 2021. Nan sit sa a, ou ka tcheke eta aplikasyon w lan.

Tanpri vizite Kesyon Moun Poze Souvan yo nan: [www.nj.gov/dca/divisions/dhcr/offices/docs/FAQs\\_CVERAP.pdf](http://www.nj.gov/dca/divisions/dhcr/offices/docs/FAQs_CVERAP.pdf) ou gen nenpòt lòt kesyon.

**Kontinye tcheke sit entènèt DCA a pou wè lè nouvo lis datant yo pral louvri alavni.**